



*Nou Kontan ou avèk nou  
La  
Pou Fèmen  
Pon River Street la  
Dènye Nouvèl yo*

Reyinyon Piblik Vityèl pou Enfòmasyon - 7 mas 2023 - 6:00 PM  
Nimewo Dosye Pwojè a: 606901



# Kontwòl Zoum nan Reyinyon an



- Kreyòl Asyisyen, Panyòl
- Poze yon kesyon oubyen pataje yon kòmantè



- Menu defilman pou verifye mikwofòn ak opalè
- Leve men w-\*9 pou moun deyò k ap telefonne (Alt+Y pou leve men w)



- Si ou pa kapab antre sou entènèt oubyen ou gen pwoblèm teknik, tanpri telefonne reyinyon an nan nimewo (646) 876-9923, Webinar ID: 873 1599 6278 Soutit Zoum mete otomatikman



Live Transcript



- Soutit Zoum mete otomatikman
- Sèvi avèk bouton View (Gade) ki nan kwen anwo adwat la pou ajiste imaj reyinyon an jan ou pito



Si ou gen pwoblèm avèk teknoloji ki sèvi nan reyinyon an pandan prezantasyon an, ou mèt rele:

[1-888-799-9666 ]

# Remak ak Pwosedi pou Reyinyon Piblik

## Achiv piblik

- Menm si reyinyon piblik vityèl sa a pa pral anrejistre, MassDOT ka deside konsève ak distribye imaj, odyo, ak transkripsyon Kesyon ak Repons ki fèt nan reyinyon sa a.
- Tout pati nan reyinyon sa a ap konsidere tankou achiv piblik.
- Si ou pa renmen yo anrejistre ou, tanpri pa sèvi avèk fonksyon Kesyon ak Repons lan (Q&A), oubyen kite reyinyon an. Enfòmasyon ki soti nan reyinyon sa a pral afiche sou sit entènèt Mass.gov la.

## Remak enpòtan

- Mikwofòn ak webcam ou ap dekonnekte otomatikman konsa ou antre nan reyinyon an.
- Reyinyon sa a pral louvri pou kesyon ak repons nan fen prezantasyon an.
- Tanpri, pran yon moman pou reponn kesyonnè nou an nan fen prezantasyon an. Reyaksyon ou enpòtan pou nou.

## Anons sou règleman MassDOT pou divèsite ak dwa sivik:

- Tout aktivite MassDOT yo, tankou reyinyon piblik, dwe fèt san diskriminasyon
- MassDOT respekte tout egzijans gouvènman federal ak Eta a ki defann diskriminasyon poutèt yon moun se gason oubyen fi, oswa pou ras li, koulè, zansèt, ak peyi kote li soti (menm moun ki pa finn pale angle byen), reliyon, kwayans, oryantason seksyèl, idantite oubyen espresyon seksyèl, oswa si moun lan se yon veteran lame.
- Nou ankouraje divèsite nan tout zòn nou sevi a. Si ou gen nenpòt kesyon oubyen pwoblèm, ou mèt ale nan adrès <https://www.mass.gov/nondiscrimination-in-transportation-program> pou kontakte Biwo pou Divèsite ak Dwa Sivik la (Office of Diversity and Civil Rights).

**Mèsi dèské ou vini nan reyinyon nou an. Nou apresye patisipasyon ou!**

# Oratè nan Prezantasyon an:

- **Direktè Pwojè MassDOT**
  - Amy Getchell
- **Pwodiktè MassDOT**
  - Leah Grodstein
  - Joseph Yoo
- **Prezantatè**
  - Nathaniel Cabral-Curtis, WSP
- **Ekip Distrik 6**
  - Dave Belanger, MassDOT District 6
  - Mark Abbott, MassDOT District 6
- **Konseptè Pon**
  - Joe Gill, Gill Engineering

## Tradiktè ak Oratè

- **Kreyòl Ayisyen**
  - Cassandre Pierre-Louis
  - Gina Miranda
- **Panyòl**
  - Alexandra Fortich
  - Marta Ceron

# Reyinyon Enfòmasyon Piblik - Anons Piblisité

## Difizyon MassDOT nan Kourye Elektwonnik

- Kourye elektwonnik an mas – Sonje Dat la - 6 fevriye

## Medya Piblik

- Bulletin Newspapers* - 16 fevriye ak 2 mas
- El Mundo* (Panyòl) – 16 fevriye ak 2 mas
- Boston City TV – 16 fevriye jiska 7 mas
- Boston Neighborhood Network (BNN) –  
16 fevriye ak 2 mas

## Medya Sosyal

- Facebook
- Twitter
- <https://www.infohaiti.net> (Kreyòl Ayisyen)



**WATCH BOSTON  
CITY TV**



# Reyinyon Piblik pou Enfòmasyon – Tab pou Depoze Papye Piblisite ak Tab ki Gen Anplwaye

## Tab ki Gen Anplwaye:

- Bibliyotèk Piblik Hyde Park Branch nan Boston
- Shaw's Market sou Hyde Park Avenue

## Pou Depoze Papye Piblisite:

- BCYF Hyde Park
- Blake Estates
- Salon kwafi Cleary Square
- Hyde Park Cooperative Bank
- Ri Pensipl nan Hyde Park
- Malone Apartments
- Rockland Trust
- Thomas M. Menino YMCA
- True Value Hardware
- Biwo Postal sou Hyde Park Avenue



# Mèsi pou Tout Moun ki Distribye Papye Enfòmasyon nou yo

Eta ak Minisipalite:

- Delegasyon Eta nan Hyde Park
- Ògànezasyon pou Plannifikasyon nan Metwopòl Boston (MPO)
- Biwo pou Anrejistre Veyikil Motè
- Biwo Majistra Michelle Wu
- Konsèy Minisipal Boston
- Age Strong
- Komisyón pou Moun Andikape
- Biwo Majistra pou Sèvis Katye yo
- Biwo pou Ede Imigran
- Sant Boston pou Viv Endepandan

20 ògànezasyon kominotè ki resevwa founiti nan Biwo Majistra pou Sèvis Katye yo


3 lekòl piblik lokal

Paul Broderick, Responsab Relasyon Kominotè pou Zòn E-18

## Pwogram Jodi a

1. Pou kisa nou isit la aswè a?
2. Kisa nou vle rive fè?
3. Ki konsekans k ap genyen pou moun k ap sèvi avèk wout la?
4. Kouman pou nou kontinye ba ou enfòmasyon?
5. Keson ak Pale Ansanm





# Kouman nou fè rive la a?



## Mwa Me

2022

Pon River Street Bridge  
la fèmen apre yon  
enspeksyon pèmèt  
dekouvri travès ki pouri.

## Mwa Out

2022

MassDOT wè estrikti ki  
la a bezwen anpil  
reparasyon. Travay pou  
akselere ranplasman.

## Septanm

2022

Kontak kominotè

## Oktòb

2022

Kontak kominotè  
Reyinyon publik vityèl  
pou enfòmasyon  
Konsèy Komèsyal Hyde  
Park

## Desanm

2022

Travay konsepsyon k ap  
fèt kounye a

# Kouman nou fè rive la a? – Ap Kontinye






Pou kisa nou  
isit la aswè a?

## Yon Pon ki Fèmen: Pwoblèm pou Kominote a

- Pon an fèmen nan mwa me 2022 pou sekirite piblik la epi yo mete wout detou yo
- Pwoblèm konjesyon nan trafik:
  - Austin Street
  - Gordon Avenue
  - Business Street
  - Summer Street
- Ajisteman pou Wout Otobis MBTA yo



## Kowòdinasyon Amtrak – Ranplasman Pon

- Konsepsyon Amtrak/paramèt ak kalandriye revizyon yo pi konplike pase sa ki te parèt anvan
- Ogmantasyon nan kantite katennè pou sipò Amtrak ap bezwen



## Kowòdinasyon MBTA – Ranplasman Pon

- Enstalasyon akseswa pèmànan ak pon tanporè pou pyeton an ta gen konsekans sou aksesiblité ranp yo nan Hyde Park Station
- Pale ansanm sou kisa ki nesesè pou modènizasyon k ap fèt nan Hyde Park Station



## Yon Ekilib Delika

- Kowòdinasyon avèk ajans pou sèvis tren yo te lakòz yon pwoblèm grav nan kalandriye ranplasman premye pon an.
- Envestisman pou repare pon an te vin nesesè ak kòrèk pou redwi enpak la sou kominate a.





Kisa nou vle  
rive fè?

## Objektif pou Reparasyon Pon an

- Repare estrikti a pou li kapab pran trafik jouk lè li dwe demoli pou fè plas pou nouvo pon an
- Kenbe yon konneksyon pou bisiklèt ak pyeton pandan travay reparasyon yo
- Ouvri estrikti a pou trafik veyikil ankò anvan sezon prentan 2024 la pase
- Pwofite ouvèti ki kapab sèvi pou akselere travay reparasyon yo

## Avantaj ki genyen nan Reparasyon Pon an


- Redwi enpak sou kominote a
- Premye etap nan ranplasman pon an kapab fèt pandan pon ki la kounye a louvri toujou:
  - Relokasyon katennè (kouran elektrik pou Amtrak)
  - Pon pou pyeton ak akseswa tanporè
  - Fè nenpòt ki lòt travay ki nesesè anrapò avèk MBTA

## Yon Premye Etap ki Kritik



- Pwoteksyon an bwa:
  - Depi li fini, jounen travay estanda pral posib avèk mwens restriksyon anpil poutèt Amtrak
  - Dire limit la pral 1.5 èdtan pou travay lannwit
  - Kilè travay sa a dwe fini: avril 2023

# Kisa ki Pral Ranplase oubyen Repare



# Kalandriye Travay ki Prevwa



Fin enstale  
pwoteksyon  
Avril 2023  
**Lannwit**



Relokalize fil elektrik  
Amtrak yo  
Prentan 2023  
**Lannwit**



Demoli ansyen pon an  
Sezon Ete 2023  
Lajounen



Ranplase/Repare  
travès, lonjwon, sipò  
Sezon Ete/Prentan  
2023  
Lajounen/**Lannwit**




Enstale novo tabliye  
pon ak ouvri pon an  
ankò pou trafik  
Prentan 2024  
Lajounen

**Lannwit = aksè limite pou 1.5 èdtan (relèv travay)**



Ki konsekans  
k ap genyen  
pou moun k  
ap sèvi avèk  
wout la?

# Detou pou Veyikil yo ap Rete Jouktan Pon an Ouvri Ankò



# Pi Bon Siyalizasyon



- Dapre demann kominote a, ap gen plis siyalizasyon an plas:
  - Truman Highway ak Fairmount Avenue
  - Sou River Street nan direksyon Dedham
- Ekip Distrik 6 la ap kontwole mesaj ki nan siyalizasyon yo regilyèman, pou gade si yo mache byen ak si yo byen aliyen avèk trafik la



Kouman pou  
nou kontinye  
ba ou  
enfòmasyon?

## Kontak pandan Etap Reparasyon an

- Veye kesyon oswa esplike pwoblèm ou nan adrès:  
[hydeparkriverstbridge@dot.state.ma.us](mailto:hydeparkriverstbridge@dot.state.ma.us)
- Sit entènèt ki rezève pou pwojè a:  
[www.mass.gov/hyde-park-river-street-bridge-replacement-project](http://www.mass.gov/hyde-park-river-street-bridge-replacement-project)
- Dènye enfòmasyon sou pwogrè yo chak 2 semenn sou entènèt ak nan distribisyon nan kourye elektwonnik.



## Odisyon Piblik Prentan 2023 sou Modèl Ranplasman Pon an

- Prezantasyon ofisyèl novo modèl pon an
- Kontak avèk piblik la anvan odisyon an, pou bay yon lide sou sa ki te fèt pou reyinyon aswè a
- Avètisman nan kourye elektwonnik pral voye bay tout moun ki patisipe aswè a
- Resevwa kòmantè piblik la






**Kesyon ak  
pale ansanm**


# Pataje Kesyon ak Kòmantè ou yo



- Sèvi avèk bouton Kesyon ak Repons lan (Q&A) pou kesyon ak repons ou yo.
- “Raise your hand” (Leve men ou) pou aktive son an, si ou vle pale pou poze kesyon, (Alt + Y pou leve men ou).
- Bay non ou anvan kesyon an



- Tanpri poze sèlman **1** kesyon oswa fè **1** sèl kòmantè an menm tan, epi limite tan ou pou **2** minit, pou pèmèt lòt moun patisipe.



- Pou poze kesyon nan telefòn, peze \*9 epi tann ànimatè a di 4 dènye chif nan nimewo telefòn ou, ak aktive odyo ou lè moman pou ou pale a rive.
- Tanpri, pran yo moman pou reponn kesyonnè nou an lè Reyinyon an fini.

**Sonje byen, tout Q&A ak tout kòmantè yo pral anrejistre nan achiv piblik, kidonk sèvi avèk fonksyon sa yo pou sa ki anrapò avèk pwojè a sèlman.**



# **Mèsi ou avèk nou pou Fèmen Pon River Street la**

## **Dènye Nouvèl yo**

Reyinyon Piblik Vityèl pou Enfòmasyon - 7 mas 2023 - 6:00 PM

Nimewo Dosye Pwojè a: 606901



# Siyalizasyon Detou Adapte pou Sezon Ivè ak Devlope

